



ESTATI

Chapit 1- Kreyasyon - Non - Sig - Dire - Nati - Objektif - Vizyon - Misyon Deviz - Anblèm - Syèj Sosyal

Atik 1- Kreyasyon - Non - Sig.

Manb Fondatè yo kreye Òganizasyon HOTSPOT ONE ki genyen pou sig OHO nan jou ki te 06 Desanm 2020 aprè yon Asanble Jeneral kote anpil deba ak diskisyon te fèt sou yon pakèt lide ki makònen youn ak lòt tankou: **Pataje, Kreye, Ankouraje.**

Atik 2- Dire.

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) kreye pou yon dire ilimite. Òganizasyon sa a kapab kraze pa mwayen yon vòt nan mitan Manb Fonadè yo, Sepandan tout Manb Fonadè yo dwe dakò pou sa posib. Lè sa a, tout byen ak patrimwàn li pral jwenn yon lòt Òganizasyon ki ap pousoiv menm objektif avèk li. Nan ka yo pa jwenn, se yon Òganism Leta ki ap benefisye patrimwàn Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO).

Atik 3- Nati.

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) se yon Òganizasyon Sosyal, ki pa la pou fè lajan, ki pa nan politik epi ki pap defann nonplis yon kwayans oubyen lafwa nan relijyon. Se yon Òganizasyon ki la pou rekrute tout sitwayen bòn volonte pou rive fè devlopman solidè nan domèn sosyal nan kominote ki pi pòv yo nan peyi a pa mwayen **Pataj, Antrèd ak Solidarite Sosyal.**

Atik 4- Objektif Jeneral.

Objektif Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) se makònen nou youn ak lòt pou rive fè tèt kole ak kole zepòl la tounen yon zouti pou chanje lavi moun nan kominote yo.

Atik 5- Objektif Espesifik.

Objektif Espesifik Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) yo chita sou 3 aks pwogram nou jwenn anndan 3 vèb sa yo ki se:

A- Pataje.

- Pataje ak moun ki pi pa kapab nan kominote yo.
- Pataje ak manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) si sa nesèsè.

B- Kreye.

- Kreye aktivite sosyo kiltirèl.
- Kreye aktivite edikatif, pwofesyonèl elatriye.

C- Ankouraje.

- Ankouraje kreyasyon lekòl kominal ak Sant sante.
- Ankouraje rebwazman plenn ak mòn yo.
- Ankouraje patisipasyon sitwayen yo nan devlopman kominote yo.
- Ankouraje tèt ansanm ak kole zepòl tankou yon zouti pou travay ansanm elatriye.

Website: www.hotspot-one.org / Email: info@hotspot-one.org

ÒGANIZASYON HOTSPOT ONE (OHO)

Atik 6- Deklarasyon Vizyon ak Misyon.

A- Vizyon.

Pratike solidarite ant **Ayisyen** avèk **Ayisyèn** ki andann kou andeyò peyi a pou rive transfòme kondisyon lavi popilasyon ki ap viv nan kominote nou yo.

B- Misyon.

Devlope lespri antrèd ak solidarite pou kapab tabli baz pou transfòme kondisyon moun ki ap viv nan kominote nou yo.

Atik 7- Deviz.

Deviz **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** se: **Pataje ak Youn.**

Atik 8- Anblèm.

Anblèm **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** se **De (2) Demi Sèk**, youn kole ak lòt epi ki genyen yon fòm je. Premye demi sèk la genyen koulè ble ki se senbòl lespwa ak bone, Dezyèm demi sèk la genyen koulè vèt ki se siy pwogrè, fekondite ak fètilite. Anndan **De (2) Demi Sèk** yo genyen non **Òganizasyon** an ki ekri ladann ki se **HOTSPOT ONE**, men ekriti ki ladann nan genyen koulè ble ak vèt epi genyen tou yon nimewo **En (1)** ki ladann ki vle di viktwa.

Atik 9- Svèj Sosyal.

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) chita kò li nan nimewo 57 B, imp. akim A, mawotyè 79, ri chapantye nan komin kafou. Adrès la kapab chanje pou tabli li nenpòt kote sou demand majorite **Manb Fonadè** yo pa mwayen yon vòt (**50%+1**).

Chapit 2- Kalite Pou Vini Manb

Atik 10- Kategori Manb.

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) genyen **Twa (3) Kategori Manb** ladan li ki se:

- **Kategori Manb Fondatè (Board).**
- **Kategori Manb Aderan (Team).**
- **Kategori Manb Byenfetè (Staff).**

Atik 11 Definisyon Manb Fondatè (Board).

11.1- Kategori Manb Fondatè (Board) se tout gason tankou fanm ki te chita pou brase lide yo, makònen panse ak aksyon pou te rive pran desizyon pou kreye **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**

11.2- Kategori Manb Fondatè (Board) genyen **Dwa Nominasyon** epi yo genyen **Dwa Veto**, sa vle di yo kapab kase tout desizyon ki pa kadre ak **Estatè Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**.

Atik 12 Definisyon Manb Aderan (Team).

Kategori Manb Aderan (Team), se tout gason tankou fanm ki siyen fòmilè entegrasyon ak deklarasyon dangajman ki ba yo dwa pou yo **Manb** aprè verifikasyon ak apwobasyon **Kategori Manb Fondatè (Board)**.

Atik 13- Definisyon Manb Byenfetè (Staff).

Kategori Manb Byenfetè (Staff), se tout gason tankou fanm ki pataje lide, filozofi ak vizyon

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO), epi ki deside bay **Tout Fòm Kontribisyon Volontè** yo genyen chak fwa **Òganizasyon** an ap fè yon aktivite.

Atik 14- Kondisyon Pou Vini Manb.

Tout moun ki ap rantre nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** dwe rantre sou referans yon **Manb Òganizasyon** an ki ranpli tout kondisyon yo epi ki genyen otorizasyon pou fè sa.

Atik 15- Otorizasyon Komite Manb Fondatè (KMF).

Kèlkeswa Manb nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ki vle mete yon lòt moun nan **Òganizasyon** an, dwe jwenn ak yon **Reprezantan Komite Manb Fondatè (KMF)** swa **Prezidan, Sekretè Jeneral** oubyen **Pòt Pawòl. Komite Manb Fondatè (KMF)** ap genyen pou yo analize ak verifiye tout dokiman moun nan pou rive wè si tout dokiman kandida a koresponn ak tout kritè **Òganizasyon** an mande yo. Donk, se aprè analiz ak verifikasyon, kandida a ap genyen dwa pou vini yon manb **Òganizasyon** an.

Atik 16- Konesans Sou Kandida.

Pyès manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pa genyen dwa mete yon moun nan **Òganizasyon** an san li pa konnen moun nan byen. Konnen moun nan byen vle di genyen yon relasyon ki sere ak moun nan epi genyen tout enfòmasyon sou moun nan tankou non li, etid li ak pwofesyon li, epi aktivite li ap fè ak fason moun nan kondwi lavi li.

Atik 17- Refi Enskripsyon Yon Kandida.

Si manb ki refere moun nan pa kapab bay tout enfòmasyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap bezwen sou moun nan, **Komite Manb Fondatè (KMF)** pap kapab aksepte enskri kandida a.

Atik 18- Lekti Règleman Nan Eitati.

Avan yon kandida rantre nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, li dwe pran tan li pou li byen li ak konprann règleman yo epi mande eksplikasyon si li jwenn anpil lide ki pa twò klè pou li nan **Eitati** a ak **Règleman Entèn** yo epi ak pou li monte sou platfòm nimerik **Òganizasyon** an.

Atik 19- Respè Ak Aplikasyon Règleman.

Tout manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** dwe soumèt ak tout règleman yo epi aplike yo nan tout gwo desizyon ak aktivite **Òganizasyon** an ap planifye ak egzekite.

Atik 20- Kondisyon Pou Yon Kandidati Aksepte.

Komite Manb Fondatè (KMF) ap aksepte yon kandida, si li reponn ak kritè yo epi si li dakò ak tout règleman yo.

Atik 21- Kritè Pou Yon Kandida Vini Manb.

Men kritè pou yon kandida ranpli avan li rantre nan **Òganizasyon Hotspot One (OHO)**:

- Fòk kandida a genyen pou pi piti **Dizwit (18)** lanne.
- Fòk kandida a genyen yon **Pyès Idantite** ki valab.
- Fòk kandida a bay **Twa (3) Foto** fantezi pou pi piti.
- Fòk kandida a aksepte sou **Platfòm Nimerik** ak **Rezo Sosyal Òganizasyon** an.
- Fòk kandida a genyen **Referans** yon manb ki deja fè pati **Òganizasyon** an.
- Fòk kandida a ranpli **Fòmilè Enskripsyon** ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an.

Atik 22- Enfòmasyon Kandida Dwe Bay.

Nan moman enskripsyon an, tout kandida dwe bay **Komite Manb Fondatè (KMF) Twa (3)** tip enfòmasyon sa yo ki rantr nan kontni fòmilè entegrasyon an ki se:

- Enfòmasyon sou **Kandida** a.
- Enfòmasyon sou **Referans** kandida a.
- Enfòmasyon sou **Moun** kandida a si genyen yon ijans.

Atik 23- Enfòmasyon Sou Kandida.

Men lis enfòmasyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** dwe jwenn sou kandida ki se:

- Siyati kandida.
- Non kandida.
- Sèks kandida
- Dat kandida fèt.
- Kote kandida fèt.
- Nimewo pyès kandida.
- Eitati matrimonyal kandida (marye, fyanse, vèv, divòse, plase, selibatè elatriye).
- Relijyon kandida.
- Eske kandida genyen timoun.
- Metye kandida.
- Etid kandida.
- Eksperyans kandida nan **Òganizasyon**.
- Aktivite kandida ap fè kounye a.
- Adrès kandida.
- Telefòn kandida.
- Imèl kandida.

Atik 24- Enfòmasyon Sou Referans Kandida.

Men lis enfòmasyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** dwe jwenn sou referans kandida a ki se:

- Siyati referans.
- Non referans.
- Sèks referans.
- Adrès referans.
- Telefòn referans.
- Imèl referans.
- Kisa referans la ye pou kandida : (fanmi, zanmi, elatriye).

Atik 25- Enfòmasyon Sou Yon Moun Kandida.

Men lis enfòmasyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** dwe jwenn sou moun kandida a si ta genyen yon ijans ki se:

- Siyati moun.
- Non moun.
- Sèks moun.
- Adrès moun.
- Telefòn moun.
- Imèl moun.
- Kisa moun nan ye pou kandida: (fanmi, zanmi, elatriye).

Atik 26- Nivo Konfyans Ak Senserite Nan Enfòmasyon.

Si youn nan enfòmasyon sa yo kandida a bay la pa ka verifye, **Komite Manb Fondatè (KMF)** pap otorize entegrasyon kandida a nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**.

Atik 27- Sanksyon Pou Enfòmasyon Ki Fo.

Si yon kandida ta rive bay yon enfòmasyon ki fo ak **Komite Manb Fondatè (KMF)** pou li kapab rantre nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap mete manb la deyò aprè tout verifikasyon.

Chapit 3- Dwa Ak Devwa Manb

Atik 28- Idantifikasyon Ak Enskripsyon Manb.

28.1- Chak manb ki fini enskri epi ki entregre **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap resevwa yon **Kòd Idantifikasyon** ak yon **Kat Manb**. Kat manb sa a ap pote **Foto, Siyati, Non, Nimewo Kòd**, ak **Logo Òganizasyon** an elatriye. Kat sa a ap rete pwopriyete prive **Òganizasyon** an.

28.2- Rejis **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** yo se rejis elektwonik ak tout dokiman enprime tout manb yo ap genyen oubyen konsilte sou sit entènèt **Òganizasyon** an ki se: **www.hotspot-one.org**, tout sipò sa yo ap fasilite yon bon jesyon dosye manb **Òganizasyon** an.

Atik 29- Chanjman Ak Modifikasyon Nan Fòmilè.

Chak **Youn (1) Lanne**, **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap genyen pou reverifye tout enfòmasyon manb yo. Travay sa a ap fèt nan objektif, si ta genyen yon chanjman nan dosye manb la, pou **Komite Manb Fondatè (KMF)** kapab modifiye dosye elektronik manb la.

Atik 30- Devwa Manb.

Manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** yo genyen pou devwa:

- Patisipe nan tout aktivite **Òganizasyon** an ap antreprann kèlkeswa kote li ap fèt sou tout teritwa a.
- Mete konpetans ak eksperyans pwofesyonèl ou pou sèvis **Òganizasyon** an.
- Fè tout aktivite ou ap reyalize ak sans pwofesyonel ak responsablite.
- Patisipe nan eleksyon pou eli manb nan **Òganizasyon** an.
- Okipe yon pòs oubyen yon fonksyon nan **Òganizasyon** an jan **Estat** a ak **Règleman Entèn** yo mande sa.
- Patisipe nan reyinyon **Òganizasyon** an ak tout desizyon ki ap pran pa mwayen vòt.
- Travay pou fé pwomoyon pou misyon ak objektif **Òganizasyon** an nan tout kwen peyi a.
- Mete ou disponib chak fwa **Òganizasyon** an rele ou pou ba li yon sèvis kòm resous manb ki kalifye epi konpetan.
- Pa itilize non **Òganizasyon** an pou rezoud pwoblèm pèsònèl ou.

Atik 31- Dwa Manb.

Manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** yo genyen dwa pou:

- Patisipe nan tout aktivite **Òganizasyon** an ap antreprann.
- Jwenn enfòmasyon ak bay opinyon yo sou tout sa ki konsène aktivite ak desizyon nan **Òganizasyon** an.
- Pote tèt yo kandida pou okipe yon fonksyon ak ‘Eli’ manb nan **Enstans** ki la pou administrè **Òganizasyon** an.
- Bay sigjesyon, fè pwopozisyon ak rekòmandasyon lè genyen reyiniyon **Asanble Jeneral (AJ)** ak **Asanble Jeneral Manb (AJM)**.

Atik 32- Chanjman Adrès Yon Manb.

Si yon manb ta chanje adrès pou ale viv nan yon lòt teritwa, manb la dwe toujou rete atache epi respekte **Règleman Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** tankou:

- Respekte règleman estatitè.
- Veye sou bon mach **Òganizasyon** an.
- Kontribiye nan tout aktivite yo.
- Kotize dwa manb li.
- Patisipe nan tout aktivite yo.
- Atache ak filozofi, vizyon ak misyon **Òganizasyon** an elatriye.

Atik 33- Obligasyon Manb.

Tout manb sa yo dwe ranpli fòmilè entegrasyon ak siyen deklarasyon dangajman an pou yo vini manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**.

Atik 34- Dwa Sou Kotizasyon Manb.

Lè manb la fini rantre nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, li genyen yon kotizasyon obligatwa pou li bay **Chak Mwa**. Montan kotizasyon sa a se **Komite Manb Fondatè (KMF)** ki fikse li.

Atik 35- Respè Pou Desizyon Komite Manb Fondatè (KMF).

Tout manb dwe respekte desizyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** pran depi desizyon sa pa kontrè ak filozofi, misyon epi vizyon **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap defann.

Atik 36- Reprimand Pou Manb Ki Pa Respekte Règleman.

Si yon manb pa respekte prensip **Estatitè** ak **Règleman Entèn Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, **Komite Manb Fondatè (KMF)** la ap genyen pou reprimande, blame manb la nan fòm ki apwopriye pou sa.

Chapit 4- Sanksyon Ak Pwosedi Pou Ranplasman Ak Radyasyon Manb

Article 37- Tip Sanksyon.

Men tout sanksyon yon manb ki vyole **Estatè** a ak **Règleman Entèn** yo kapab sibi:

- Avètisman.
- Blam.
- Retrè.
- Entèdiskyon pou okipe yon pòs responsab.
- Radyasyon.

Atik 38- Motif Pou Radyasyon.

Yon manb kapab radye nèt anndan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pou rezon sa yo:

- Vyolasyon **Estatè** ak **Règleman Entèn Òganizasyon** an.
- Ka vyolasyon ki repete aprè yon sanskyon.
- Movèz jesyon ak itilzasyon byen **Òganizasyon** an.
- Eskonbrit, kakosal, eksè langaj ak zak imoral ki kapab sal imaj **Òganizasyon** an.
- Kondanasyon ak yon pèn lajistis ki retire dwa sivil ak politik manb la.
- Diskriminasyon egzès kont yon lòt manb.
- Pasivite, silans ak inaktivite san yon motif valab pou jistise sa.

Atik 39-Tip Radyasyon.

Radyasyon an kapab pou yon ti tan epi li kapab pou tout tan. Li pou yon ti tan se lè **Manb** la kapab retounen entegre **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**. Li definitiv se lè **Manb** la radye nèt, sa vle di li san okenn posiblite pou reprann **Dwa Manb** li nan **Òganizasyon** an.

Atik 40- Pwosedè Pou Radyasyon.

Desizyon pou radye yon manb ap fèt nan yon **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO) Odinè** oubyen **Ekstrawòdinè** pa mwayen yon vòt ki fèt ak men leve nan majorite **Manb Fondatè** ki prezan yo. Desizyon sa ap kore ak yon lèt ki ap rive jwenn **Manb** la ki genyen yon delè **Twa (3) Jou**, aprè li fin resevwa lèt la pou li retounen **Kat Manb** la ak tout **Materyèl** epi **Ekipman** si li te genyen nan men li.

Article 41- Rejistrasyon Ak Siyati.

Desizyon **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO) Odinè** oubyen **Ekkstrawòdinè** a ap fòmalize nan yon **Pwosè Vèbal** ki ap rantre nan rejis espesyal **Òganizasyon** an. Dokiman sa a ap konsève nan biwo **Òganizasyon** an epi li ap siyen pa **Prezidan Komite Manb Fondatè (KMF) Òganizasyon** an.

Atik 42- Sòti Manb La Nèt.

Si yon manb pa ta respekte prensip **Estati** yo epi **Règleman Entèn Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** nan repete dezobeyisans nan prensip, atik yo ankò, Ebyen fwa sa manb la ap radye nèt.

Atik 43- Sou Disponibilite Manb.

Kèlkeswa manb ki fè pati **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** dwe disponib epi dispoze pou patisipe nan tout desizyon enpòtan ki ap pran nan yon reyinyon **Asanble Jeneral (AJ)** oubyen **Asanble Jeneral Manb (AJM)** pou bon mach **Òganizasyon** an tankou reyinyon pou planifye pwojè, **Aktivite Kiltirèl, Evènman, Distribisyon, Donasyon**, jan sa prevwa nan deviz nou. **Òganizasyon** an ap konsidere absans manb li sèlman nan ka yon fòs majè oubyen yon ka enprevi.

Atik 44- Relasyon Santimantal Ak Eskandal.

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) kont tout fòm **Eskonbrit Santimantal, Kakosal Vèbal, Kakosal Ekri** ant **De (2) Manb** nan **Òganizasyon** an ki kapab deranje klima pou manb yo jwi trankilite despri yo.

Atik 45- Respè Vi Prive Santimantal Yon Manb.

Si ta genyen **De (2) Manb** nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ta deside rantre nan yon relasyon santimantal, sa pap angaje **Òganizasyon** an.

Atik 46- Prensip Vi Prive Yon Manb.

Nenpòt manb nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ki ta rantre an kontak ak yon lòt manb nan **Òganizasyon** an an prive, kèlkeswa bagay yo ta antann yo sou li, li pap angaje **Òganizasyon** an sou yon fòm oubyen sou yon lòt.

Atik 47- Non ak diskriminasyon.

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO), kont tout fòm diskriminasyon ki chita sou ras, koulè, kilti, relijyon, konesans, andikap, rote ou fèt, lang yon manb pale, oriantasyon seksyèl. Nan sans sa a, tout manb se manb epi yo genyen menm valè.

Atik 48- Entèdiksyon Ak Tout Fòm Diskriminasyon.

Tout tèm ki site nan **Atik 47** la sou divès fòm diskriminasyon sa yo, **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** entèdi yo ak kèlkeswa manb la pou ta pratike yo kont yon lòt manb oubyen pou sèvi ak yo pou fawouche yon lòt manb nan **Òganizasyon** an menm an jwèt.

Atik 49- Sanksyon Pou Tout Fòm Diskriminasyon.

Si yon manb nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pa ta rive respekte jan sa di nan **Atik 47** ak **Atik 48** la, **Komite Manb Fondatè (KMF)** la ap genyen pou reprimande, blame manb la nan fòm ki apwopriye pou sa.

Atik 50- Sanksyon Pou Repetisyon Diskriminasyon.

Si menm manb la ta poze menm pwoblèm sa ankò, ebyen lè sa a, **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap radye manb la nèt nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**.

Chapit 5- Administrasyon Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)

Atik 51- Diferan Ògàn Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO).

Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) genyen **De (2)** ògàn ki ap administre li ki se:

- **Komite Manb Fondatè (KMF).**
- **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO).**

Atik 52- Konpozisyon Komite Manb Fondatè (KMF).

Komite Manb Fondatè (KMF) ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li ki se:

- **Prezidan.**
- **Sekretè Jeneral.**
- **Responsab Trezò.**
- **Pòt Pawòl.**
- **Konseye Jeneral.**

Atik 53- Kategori Manb Fondatè.

Kategori Manb Fondatè (Board) la ki nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** genyen **Dwa Veto. Manb Fondatè** sa yo ap genyen pou diskite ak pran desizyon nan reyinyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap genyen pou planifye. Sepandan, **Manb Fondatè** sa yo kapab kase tout desizyon ki pa kadre ak **objektif, Vizyon, Misyon Òganizasyon** an. Epi **Manb Fondatè** sa yo tou kapab mande ak **KMF** bon jan eksplikasyon sou fonksyonman **Òganizasyon** an.

Atik 54- Règleman Entèn Komite Manb Fondatè (KMF).

Fonksyonman **Komite Manb Fondatè (KMF)**, wòl ak responsablite manb komite a, frekans reyinyon, **Disiplin** ak **Modalite** pou pran desizyon defini nan **Règleman Entèn Komite Manb Fondatè (KMF)**.

Atik 55- Atribisyon Komite Manb Fondatè (KMF).

Komite Manb Fondatè (KMF) genyen pou atribisyon:

- Planifye ak pwograme gwo desizyon estratejik **Òganizasyon** an.
- Pwopoze plan travay ak potfèy bidjè anyèl **Òganizasyon** an.
- Elabore bidjè **Komite Manb Fondatè (KMF)** pou sipote **Òganizasyon** an.

- Veye sou bon fonksyonman **Òganizasyon** an pa rapò ak **Estat** epi **Règleman Entèn** yo.
- Evalye travay **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)** yo ap fè.
- Resevwa dosye kandida ak evalyasyon yo pou entegre **Òganizasyon** an.
- Resevwa tout rapò **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)** yo soumèt.
- Resevwa kont randi, sigjesyon ak rekòmandasyon tout manb **Òganizasyon** an.
- Nome manb nan **Komisyen** si sa nesèsè ak lòt manb nan **Òganizasyon** an lè genyen pòs ki vid.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou tout manb ki fotif nan **Òganizasyon** an.

Atik 56- Konpozisyon Asanble Jeneral (AJ).

Asanble Jeneral (AJ) fòm ak **Manb Kategori Manb Fondatè (Board)** sou delegasyon **Komite** ki reprezante yo a ki se: **Komite Manb Fondatè (KMF)** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li.

Atik 57- Nati Asanble Jeneral (AJ).

Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO) kapab yon **Asanble Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**. Li se yon **Asanble Jeneral Òdinè** se le li reyalize nan dat **Estat** a prevwa pou li fèt la ki se chak **Youn (1) Mwa**, nan dènye dimanch mwa a. Epi li se yon **Asanble jeneral Ekstrawòdinè** se lè sa fèt selon yon sikonstans ki pa rantre nan frekams **Estat** a te prevwa pou sa fèt.

Atik 58- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Lè Manb Yo Enpè.

Lè manb yo enpè nan **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO)**, depi yo rive jwenn **kota 50%+1** an, vòt la ap posib. Men **Manb Komite Manb Fondatè** ki ap jwe wòl moderatè a ap kapab vote.

Atik 59- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Lè Manb Yo Pè.

Lè manb yo pè nan **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO)**, depi yo rive jwenn **kota 50%+1** an, vòt la ap toujou posib. Men **Manb Komite Manb Fondatè** ki ap jwe wòl moderatè a pap kapab vote.

Atik 60- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral (AJ) Òdinè Oubyen Ekstrawòdinè.

Kota vòt nan **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO)** kit se **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè** pa chanje, li ap rete **50%+1** an.

Atik 61- Frekans Reyinyon ak Mòd Konvokasyon.

61.1- Reyinyon **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO)** ap fèt chak **Youn (1) Mwa**, nan dènye dimanch mwa a, men se sou konvokasyon **Komite Manb Fondatè (KMF)**.

61.2- Motif konvokasyon an ak **Òd Di Jou** a dwe rive jwenn pati ki konvoke a **Swasanndouz (72) èd Tan** davans pou li kapab prepare li an konsekans kit se yon **Asanble Jeneral Òdinè** Oubyen **Asanble Jeneral Ekstrawòdinè**.

Atik 62- Atribisyon Asanble Jeneral (AJ) Òdinè.

Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO) Òdinè a genyen pou atribisyon:

- Apwouve plan travay ak pwogramasyon **Òganizasyon** an.
- Apwouve bidjè anyèl fonksyonman **Òganizasyon** an.
- Prezante bilan travay ki reyalize selon plan travay ak bidje ki te apwouve yo.
- Diskite ak pwopoze amandman sou kèk atik nan **Estat** oubyen **Règleman Entèn** yo.
- Diskite sou meye estrateji pou fè **Òganizasyon** an byen fonksyone.
- Deside sou ka manb ki vyole **Estat** ak **Règleman Entèn Òganizasyon** an.

Website: www.hotspot-one.org / Email: info@hotspot-one.org
ÒGANIZASYON HOTSPOT ONE (OHO)

- Pwopoze plan aktivite pou fè manb **Òganizasyon** yo patisipe.
- Debat sou tout rapò **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)** ap prezante.
- Pran ak vote desizyon sou ka ak sitiyaasyon ki mande mezi administrativ estratejik ak korektiv.
- Diskite sou kesyon enterè jeneral.

Atik 63- Atribisyon Asanble Jeneral (AJ) Ekstrawòdinè.

Atribisyon **Asanble Jeneral Ekstrawòdinè Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO)** ap defini selon motif konvokasyon an. Li ap prezante an detay sou ki kesyon li ap estatiye.

Atik 64- Dewoulman Asanble Jeneral (AJ).

Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO) yo ap preside pa **Prezidan Komite Manb Fondatè (KMF)**, **Pòt Pawòl** la ap jwe wòl moderate, **Sekretè Jeneral** la ap pran nòt ak dokimante tout desizyon ki ap pran anndan yon pwosè vèbal oubyen yon kont randi desizyon. Dokiman sa yo ap konseve nan yon rejis espesyal nan biwo **Òganizasyon** an.

Atik 65- Konpozisyon Asanble Jeneral Manb (AJM).

Asanble Jeneral Manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJM-OHO) se **Asanble** kote tout manb tout kategori **Òganizasyon** an ap rankontre. Li konpoze ak **Twa (3) kategori Manb** ki se:

- **kategori Manb Fondatè (Board).**
- **kategori Manb Aderan (Team).**
- **kategori Manb byenfetè (Staff).**

Atik 66- Frekans Reyinyon Ak Mòd Konvokasyon.

Reyinyon **Asanble Jeneral Manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJM-OHO)** ap fèt chak **Twa (3) Mwa**, nan dènye dimanch mwa a, men se sou konvokasyon **Komite Manb Fondatè (KMF)**. Motif konvokasyon an ak **Òd Di Jou** a dwe rive jwenn manb yo **Swasandouz (72) èd Tan** davans pou yo kapab byen dispoze pou sa.

Atik 67- Atribisyon Asanble Jeneral Manb (AJM).

Reyinyon **Asanble Jeneral Manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJM-OHO)** yo genyen pou atribisyon:

- Prezante yo sitiyaasyon jeneral fonksyonman **Òganizasyon** an.
- Prezante yo rapò detaye sou tout aktivite ki reyalize nan **Òganizasyon** an.
- Prezante yo bilan sou resèt ak depans **Òganizasyon** an.
- Prezante nouvèl mezi ki pran ak desizyon **Administrativ** sou manb ki anba sanksyon.
- Prezante tout dokiman **Administratif Òganizasyon** an, nouvo dokiman ak amandman ki pote (si genyen).
- Prezante yo nouvo **Komite Manb Fondatè (KMF)** ak tout lòt manb ki nome nan **Komisyen** yo.
- Resevwa doleyans manb yo sou tout sa ki pa ale byen nan fason **Òganizasyon** an ap jere epi administre.
- Resevwa pwopozisyon, sijesyon ak rekòmandasyon manb yo ki kapab ede **Òganizasyon** an mache pi byen.
- Sansibilize yo sou kesyon patispasyon nan aktivite yo ak kotizasyon manb yo.
- Vote grand desizyon ki ap soti nan **Asanble Jeneral Manb (AJM)**.

Atik 68- Dewoulman Asanble Jeneral Manb (AJM).

Asanble Jeneral Manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJM-OHO) ap preside pa **Prezidan Komite Manb Fondatè (KMF)**, **Pòt Pawòl** la ap jwe wòl moderate, **Sekretè Jeneral** la ap pran nòt ak dokimante tout desizyon ki ap pran anndan yon pwosè vèbal oubyen yon kont randi desizyon. Dokiman sa yo ap konseve nan yon rejis espesyal nan biwo **Òganizasyon** an.

Atik 69- Kota Vòt Nan Asanble Jeneral Manb (AJM).

69.1- Desizyon ki ap soti nan **Asanble Jeneral Manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJM-OHO)** yo ap fèt pa mwayen yon vòt inanim Swa **Wi** Oubyen **Non** ki chita sou prensip majorite manb ki prezan yo.

69.2- Vòt pa pwokirasyon otorize. Pou sa rive fèt, manb ki pap kapab prezan nan **Asanble Jeneral Manb Òganizasyon** an, yo ap voye yon lèt bay **Komite Manb Fondatè (KMF)** kote li ap bay tout enfòmasyon sou manb li bay delegasyon pou vote pou li a.

Atik 70- Demisyon Volontè Ak Pwosedì.

Si yon manb pou yon rezon kèlkonk ta deside demisyone, pou pwòp rezon pa li epi san yo pa ni fòse li ni mande li demisyone, li genyen yon fason pou li fè sa.

- Tou dabò, manb la dwe konsilte fasilite ki te pèmèt li entegre **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pou li diskite avèk li sou sa.
- Aprè sa, manb la ap genyen pou li konsilte **Prezidan Komite Manb Fondatè (KMF)** ki te bay otorizasyon pou li rantre nan **Òganizasyon** an epi diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblije demisyone.
- Se aprè manb la fini konsilte epi diskite ak **De (2) Manb** sa yo, Manb la ap genyen posiblite pou ekri lèt demisyon li a ki ap adrese ak **Komite Manb Fondatè (KMF)**.
- Pwosedì sa valab pou tout lòt manb yo ki ap demisyone.
- Pou manb ki te nan **Komite Manb Fondatè (KMF)** fòk li remèt tout dosye,
- **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon** an ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt manb ki ap ranplase li a genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye.

Chapit 6- Mannyè Pou Fè Eleksyon Ak Vòt

Atik 71- Eleksyon Pou Tout Manb.

71.1- Eleksyon pou manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ki nan pòs elektif yo dwe fèt obligatwaman chak **Douze (12) Mwa**, sa vle di chak **Youn (1) Lanne** renouvla. Sepandan, se **Premye Dimanch** nan **Mwa Desanm** nan lanne a eleksyon an dwe fèt.

71.2- Nouvo manb “Eli” yo ap ofisyèlman enstale nan pòs yo nan **Premye Dimanch** Nan **Mwa Janvyè** nan lòt lanne ki ap genyen pou vini an. Kèlkeswa dat manb “Eli” a ta rantre ofisyèlman nan pòs li, ebyen **Manda Manb “Eli”** a ap genyen pou fini nan **Premye Dimanch** Nan **Mwa Janvyè** nan lòt lanne ki ap vini an.

Atik 72- Estrikti Pou Fè Eleksyon.

Twa (3) Mwa avan dat eleksyon sa yo genyen pou fèt la, **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap genyen pou mete sou pye **Konsèy Elektoral Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ki ap genyen **Twa (3) Manb** ladan li. **Twa (3) Manb** sa yo ap chwazi sou baz konpetans, eksperyans yo genyen nan monte ak òganize eleksyon anndan asosyasyon. Men tout manb ki genyen pòs elektif yo nan **Òganizasyon** an, manb sa yo pap kapab fè pati manb ki ap genyen dwa pou mete sou pye **Konsèy Elektoral Òganizasyon** an.

Atik 73- Manda Ak Dire Konsèy Elektoral.

Manda Konsèy Elektoral Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) se rive reyalize eleksyon pou tout manb ki okipe pòs elektif nan **Òganizasyon** an. Se **Konsèy Elektoral** la ki ap defini kritè patisipasyon nan eleksyon an ak kondisyon pou kandidati yon manb aksepte, san yo pa depaman ak sa ki deja ekri nan **Estat** ak **Règleman Òganizasyon** an. **Dire Manda Konsèy Elektoral** la se

Twa (3) Mwa pou soti nan dat enstalasyon **Konsèy Elektoral** la epi pou rive nan dat envestiti nouvo **Manb ‘Eli’** yo nan **Òganizasyon** an.

Atik 74- Modalite Eleksyon.

Eleksyon pou ‘Eli’ yon manb oubyen renouvle yon manb nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap fèt pa mwayen eleksyon kote tout manb **Òganizasyon** an ap genyen pou vote, Prensip la, se yon vòt yon vwa. Vòt la ap sekre epi li ap fèt ak katon ki genyen foto ak non kandida a ki ap plase nan yon bwat. Elektè a ap fè chwa yon jeton ki genyen tout kandida pou tout pòs yo epi li ap jete yo nan yon bwat vòt. Se kandida ki genyen plis vwa a, sa vle di ki fè plis vòt pou pòs li a ki ap genyen eleksyon an.

Atik 75- Kanpay Elektoral Ak Dire.

Konsèy Elektoral Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) ap genyen pou li planifye eleksyon an pa mwayen yon kalandriye. Se li menm ki ap bay dire kanpay la, jan kanpay la dwe fèt ak kòman manb yo ap genyen pou vote jou eleksyon an.

Chapit 7- Metòd Rezolisyon Konfli

Atik 76- Medyasyon Komite Manb Fondatè (KMF).

Si genyen yon pwoblèm ant plizyè manb nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, se **Komite Manb Fondatè (KMF)** ki la pou tande manb sa yo, Kidonk pou **Komite Manb Fondatè (KMF)** rive tranche sou yon bouch louvri, li ap monte yon **Komisyon** ki rele **Komisyon Konsilyasyon**, pou yo jwenn yon solisyon ak pwoblèm nan.

Atik 77- Chire Pit Pami Manb Fondatè.

Si se **Manb Fondatè** yo ki genyen chire pit la ant yo menm, Ebyen lè sa se **Prezidan Komite Manb Fondatè (KMF)** ki ap pran responsablite sa dirèkteman pou jwenn yon solisyon ak pwoblèm nan.

Atik 78- Komisyon Konsilyasyon.

Komisyon konsilyasyon an ap monte ak **Twa (3) Manb** ki ap defini metòd pou rezoud konfli a. Desizyon **Komisyon Konsilyasyon** an pa kapab kase nan ka kote manb ki nan chire pit yo ta refize koube anba rekomandasyon li fè a. Sèl opsyon yo genyen se pran vwa lajistis, Depi koze a rive la, manb ki nan bouch louvri yo ap pèdi **Dwa Manb** yo epi yo ap tonbe anba sanksyon radyasyon.

Atik 79- Desizyon Sou Konfli.

Depi pa genyen posiblite pou rezoud chire pit la ant manb yo, desizyon ki ap pran an se radye manb la nèt nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**. Desizyon sa a ki ap pwononse nan **Asanble Jeneral Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJ-OHO)** an ap anrejistre nan achiv **Òganizasyon** an epi li ap pote tou yon kote **Siyati Komisyon Konsilyasyon** ak manb ki genyen bouch louvri yo.

Chapit 8- Resous, Patrimwàn Ak Mòd Jesyon Kotizasyon.

Atik 80- Resous Òganizasyon An.

Resous **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** genyen ladan li:

- Kotizasyon mansyèl **Manb Fondatè (Board)**.
- Kotizasyon mansyèl **Manb Aderan (Team)**.
- Kotizasyon volontè **Manb Byenfetè (Staff)**.

Website: www.hotspot-one.org / Email: info@hotspot-one.org
ÒGANIZASYON HOTSPOT ONE (OHO)

Atik 81- Resous Moun.

Òganizasyon **HOTSPOT ONE (OHO)** genyen resous manb nan tout **Kategori Manb** li yo. Pou bezwen li epi selon nati sèvis la, li kapab chache resous la deyò pou li kapab atenn objektif li yo jan sa ekri nan **Estat** a.

Atik 82- Montan kotizasyon Pou Kategori Manb Fondatè (Board).

Kotizasyon **Kategori Manb Fondatè (Board)** se pou manb ki ap viv nan peyi letranje ak peyi dayiti.

- **Manb Fondatè** peyi letranje **\$30 us.**
- **Manb Fondatè** peyi dayiti **1000 gds.**

Atik 83- Montan kotizasyon Pou Kategori Manb Aderan (Team).

Kotizasyon **Kategori Manb Aderan (Team)** se pou manb ki ap viv nan peyi letranje ak peyi dayiti.

- **Manb Aderan** peyi letranje **\$5 us.**
- **Manb Aderan** peyi dayiti **250 gds.**

Atik 84- Montan Kotizasyon Volontè Pou kategori Manb Byenfetè (Staff).

Kotizasyon **Kategori Manb Byenfetè (Staff)** se pou manb ki ap viv nan peyi letranje ak peyi dayiti.

- **Manb Byenfetè** peyi letranje **\$0.00 us.**
- **Manb Byenfetè** peyi dayiti **0.00 gds.**

Montan sa yo pa fikse sa ap rive fèt selon kapasite ak volonte manb la genyen.

Atik 85- Peryòd Kotizasyon Manb.

Kategori Manb Fondatè (Board) ak **Kategori Manb Aderan (Team)** Kotizasyon yo obligatwa a. Montan sa dwe vèse **Chak Mwa**, sòti **Premye (1)** pou rive **Kenz (15)** nan mwa a.

Atik 86- Lòt Peryòd Kotizasyon Ki Otorize.

Kategori Manb sa yo kapab vèse montan kotizasyon **Dwa Manb** yo chak **Twa (3) Mwa**, **Sis (6) Mwa**, **Nèf (9) Mwa** epi **Douze (12) Mwa** a lavans pandan lanne a.

Atik 87- Limit Kotizasyon Ak Pèt Dwa Manb.

Kèlkeswa manb ki nan **Kategori Manb Fondatè (Board)** ak, **Kategori Manb Aderan (Team)** yo pa genyen dwa pou yo depase **Katrevendis (90) Jou**, sa vle di **Twa (3) Mwa** san yo pa vèse montan kotizasyon **Dwa Manb** yo. Si sa ta rive yon manb ki nan **Kategori Manb** sa yo ta pase **Katrevendis (90) Jou** san li pa ta vèse montan kotizasyon **Dwa Manb** li, Ebyen lè sa manb la ap **Pèdi Dwa Manb** li. Apati moman sa, manb la ap **Inaktif** nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**.

Atik 88- Pwosedi Pou Reprann Dwa Manb.

Pou manb la rive jwenn **Dwa Manb** li te pèdi a, fòk li vèse tout montan kotizasyon li te dwe vèse yo pandan **Katrevendis (90) Jou** a epi fòk li tou vèse tout montan kotizasyon **Dwa Manb** li pandan absans **Dwa Manb** li yo. Lè manb la ap fè sa, li dwe vèse tout montan kotizasyon **Dwa Manb** li yon **Sèl Kou**. Konsa **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap pèmèt manb la reprann **Dwa Manb** li te pèdi a.

Atik 89- Dispozisyon Final Sou Kotizasyon Manb.

Chak **Kenz (15)** nan **Mwa** desanm nan lane a, se dènye mwa pou tout manb **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pou yo vèsè tout montan kotizasyon **Dwa Manb** yo. Menm si se yon mwa sèlman li ye, fòk manb la vèsè montan sa pou fasilite reyalizasyon bilan lane a. Sinon manb la ap genyen yon **Penalite 10% Reta** sou chak mwa manb la pa te gentan vèsè montan kotizasyon **Dwa Manb** li pandan lane a.

Atik 90- Itilite Kotizasyon.

Rezon ki fè **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** mande patisipasyon chak manb li yo **Demanyè Senbolik**, se pou chak manb santi yo konsène, responsab pou ede **Timoun** ki pi pa kapab yo ale lekòl, Epi ede **Moun** ki pi pa kapab yo nan kominote yo ak **Manb Òganizasyon** an si sa nesèsè.

Atik 91- Transparans Nan Desizyon.

Tout desizyon **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap pran ak tout lòt **Manb Fondatè** yo pou egzekite yon pwojè oubyen depans pou yon aktivite kèlkonk, sou kèlkeswa fòm li ap fèt la, ap genyen transparans.

Atik 92- Afichaj Ak Piblikasyon Desizyon.

Tout depans ak desizyon **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap pibliye sou **Platfòm Elektronik** yo epi ak **Sit Entènèt Òganizasyon** an.

Atik 93- Kotizasyon Manb

Kotizasyon manb yo pa pou **Okenn Manb** a tit pèsònèl, Lè nou mete yo ansanm, yo tout tounen **Fon Òganizasyon** an ki ap aji anba chapo yon **Pèsòn Moral**.

Chapit 9- Jesyon Byen Materyèl, Ekipman ak Sanksyon

Atik 94- Materyèl Ak Ekipman.

Tout **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** se byen prive li. Pa genyen okenn manb ki otorize pou sèvi ak **Materyèl** epi **Ekipman** sa yo komsa se te byen pèsònèl yo.

Atik 95- Dwa Pou Itilize Materyèl Ak Ekipman.

Sèlman Kategori Manb Fondatè (Board) ak **Gwoup Teknik Entèkansyon (GTE)** ki genyen dwa pou itilize tout **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** sof anka ijans yon lòt manb ap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon** an men fòk manb la jwenn otorizasyon pou sa pa **Komite Manb Fondatè (KMF)**.

Atik 96- Entèdiksyon Sou Materyèl Ak Ekipman.

Nenpòt manb nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ki genyen yon **Materyèl** ak **Ekipman** oubyen plizyè **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** nan men li, manb la pa genyen dwa: **Vann Li, Fè Kado Li, Prete Li, Twoke Li, Pran Li, Kraze Li, Boule Li, Ni Mete Li Nan Plàn/Brikabrak Elatriye.**

Atik 97- Sanksyon Sou Movèz Itilizasyon Materyèl Ak Ekipman.

Si toutfwa yon manb nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ta vyole sa **Atik 96** la di a, men ki sanksyon ki ap tann li:

Manb la pap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon** an pandan **Trant (30) Jou**. Manb la dwe remèt **Materyèl** ak **Ekipman** yo nan yon dat ki pa dwe depase **Trant (30) Jou**. Si tan yo bay manb la pou remèt **Materyèl** ak **Ekipman** yo pa respekte **Òganizasyon** an ap oblije trennen manb la **Lajistis**. Aprè lajistis fini tranche kòz la, **Òganizasyon** an ap aplike sanksyon pa li selon **Estati** a sou manb la.

Atik 98- Sanksyon Aprè Peryòd Trant (30) Jou.

Menm si manb la ta remèt **Materyèl** la oubyen **Ekipman** an avan **Trant (30) Jou** a, malgre sa, manb la pap kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** pandan **Katrevendis (90) Jou**.

Atik 99- Sanksyon Pou Repetisyon Vyolasyon.

Si menm manb la ta vyole **Atik 96** la yon lòt fwa ankò, manb la ap genyen **Kenz (15) Jou** kounye a pou li remèt **Materyèl** ak **Ekipman** an. Sinon **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap oblije trennen manb la **Lajistis**.

Atik 100- Sanksyon Aprè Peryòd Kenz (15) Jou.

Menm si manb la ta remèt **Materyèl** ak **Ekipman** an avan **Kenz (15) Jou** a, malgre sa, manb la pap janm kapab itilize **Materyèl** ak **Ekipman Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ankò. Kidonk, **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap oblije ranplase manb la definitivman jan sa dwe fèt.

Atik 101- Retou Materyèl ak Sanksyon Pou Refi.

Kèlkeswa manb ki pa nan **Kategori Manb Fondatè (Board) ak Gwoup Teknik Entèkansyon (GTE) Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ankò, ak tout lòt **Kategori Manb** yo, dwe remèt tout **Materyèl** ak **Ekipman** ki nan men li. Si li refize fè sa, **Òganizasyon** an ap oblije trennen ansyen manb sa a devan **Lajistis** pou li kapab resevwa **Materyèl** ak **Ekipman** yo nan men li.

Atik 102- Envantè Resous Yo Chak Mwa.

Komite Manb Fondatè (KMF) ap fè envantè tout resous **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** genyen an espès epi an nati chak mwa.

Chapit 10- Dispozisyon final Ak Mezi Espesyal Estati

Atik 103- Sanksyon Pou Manb Ki Inaktif.

Kategori Manb Fondatè (Board) ak Kategori Manb Aderan (Team) ki nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, yo pa genyen dwa pase **Douz (12) Mwa Inaktif** nan **Òganizasyon** an pou kèlkeswa rezon an, sinon, otomatikman manb la ap vini yon ansyen manb **Òganizasyon** an.

Atik 104- Nouvo Lenskripsyon Pou Reprann Dwa Manb.

Pou ansyen manb la ta retounen nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ankò, lè sa a, ansyen manb la dwe enskri yon lòt fwa ankò.

Atik 105- Radyasyon San Reklamasyon.

Kèlkeswa manb la ki pa ta nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ankò. Pou kèlkeswa rezon an, manb la pap kapab fè okenn reklamasyon sou kèlkeswa fòm nan.

Atik 106- Règleman Entèn.

Chak antite ki ap administre **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** dwe genyen yon **Règleman Entèn** ki di men koman li fonksyone, wòl ak responsablite chak manb ki ap dirije li, frekans

reyinyon ak asanble li, kota pou yo pran desizyon ladan li ak mòd rapòtaj. Pou rezon sa a, **Komite Manb Fondatè (KMF)**, **Platfòm Medya Òganizasyon** an ap genyen **Règleman Entèn** pa yo epi tout lòt **Estrikti** ki ap genyen pou kreye nan kad pouswuit vizyon, misyon, objektif **Òganizasyon** an.

Atik 107- Amandman Estati.

107.1- Tout dispozisyon anndan **Estati** sa kapab adapte selon nouvèl egzijans tan ak lòt sitiyasyon ki kreye li pa te prevwa. Nan sans sa a, atik nan **Estati** a kapab modifiye swa nan yon pati saw nan tout **Estati** a si sikonstans la mande sa.

107.2- Tout chanjman, tout adaptasyon, tout amandman swa an pati ou tout **Estati** a nan limenm sa yo kapab fèt nenpòt moman nan peryòd la, men se **Manb Fondatè** yo ki ap genyen pou apwouve li. Sepandan fòk tout **Manb Fondatè** yo dakò pou sa posib. Sinon, sa dwe fèt chak **Youn (1) Lanne**.

Atik 108- Dispozisyon Espesyal Pou Komite Manb Fondatè (KMF).

108.1- Sitoutfwa pou yon rezon ou pou yon lòt pa ta genyen eleksyon nan dat ki prevwa pou enstale nouvo manb "Eli" yo nan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, **Komite Manb Fondatè (KMF)** la ap fè chwa kèk manb nan **Òganizasyon** an ki konpetan, disponib, epi ki genyen bòn volonte pou administre **Òganizasyon** an sou yon peryòd **Youn (1) Lanne**. Nan peryòd sa manb yo kapab chanje nan pòs yo epi peryòd la kapab pi long si **Komite Manb Fondatè (KMF)** pa rive jwenn manb ki disponib ak manb ki konpetan pou pran responsablite sa.

108.2- Toutfwa, **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap toujou la pou fè travay ki rantre nan atribisyon li. Pou kenbe **Òganizasyon** an vivan, li kapab kreye tout lòt **Estrikti** tankou **Manb Gwoup Teknik Entèvansyon (GTE)** ak lòt ankò pou ede li atenn objektif li fikse.

Atik 109- Disolisyon Òganizasyon An.

109.1- Nan ka **Asanble Jeneral Manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJM-OHO)** yo ka fè pwopozisyon vòt pou kraze **Òganizasyon** an, Pou sa posib fòk tout **Manb Fondatè** yo dakò, epi **Komite Manb Fondatè (KMF)** ap chwazi kèk manb nan **Òganizasyon** an ki ap pran chaj pou likide tout byen **Òganizasyon** an, patrimwàn sa yo pral jwenn yon òganism leta.

109.2- Nan ka tout **Manb Fondatè** yo pa dakò avèk pwopozisyon vòt **Asanble Jeneral Manb Òganizasyon HOTSPOT ONE (AJM-OHO)**, **Òganizasyon** an ap toujou egziste ak **Manb Fondatè** yo ki ap ba li lòt fòm pou li kontinye egziste ak kreye lòt **Estrikti** pou kolabore ak li nan entèvansyon li ap genyen pou fè pou ba li vi asosyativ.

Atik 110- Dispozisyon Final.

Kategori Manb Fondatè (Board) ki ap aji pa mwayen **Komite Manb Fondatè (KMF)** genyen yon pouvwa ki laj sou tout sa ki ap fèt anndan **Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**. An deyò tout lòt **Estrikti** sèl li menm ki genyen pouvwa pou kreye yo, li ap toujou egziste depi **Manb Fondatè** yo rete soude epi solidè.

Fèt Nan Dat 02 Desanm 2022

Anrejistre Nan Sekretarya Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO) Nan

Dat _____ / _____ / _____